NOUVO FRÈ IMIGRASYON YO: SA OU DWE KONNEN

ALÈT ENPÒTAN: Nouvo frè imigrasyon yo etabli anba H.R.1 (yo rele tou "One Big Beautiful Bill Act"). Chanjman sa yo afekte anpil aplikasyon ak pwosesis imigrasyon.

BAGAY ENPÒTAN POU SONJE

- **Frè sa yo swa nouvo oswa ogmante -** Anpil pwosesis ki te gratis anvan kounye a gen frè
- **Pa gen dispans frè** pou pifò aplikasyon (sòf kote sa espesifye)
- **Frè yo ap ogmante chak ane pou pran an kont enflasyon an**
- **Peman ap obligatwa davans-** Ou dwe peye lè ou soumèt aplikasyon ou*

GID POU PEYE FRÈ YO

- USCIS pa lapòs:
  - Lè w ap voye pa lapòs, ou ka peye ak kat kredi, kat debi, oswa kat prepeye. Ou dwe ranpli Fòm G-1450, Otorization pou Transaksyon Kat Kredi.
  - Ou ka peye tou direkteman soti nan yon kont labank pa ranpli Fòm G-1650, Otorize pou Tranzaksyon ACH.
  - USCIS pa aksepte peye ak chèk, lòd lajan, oswa chèk kachye pou fòm ou voye pa lapòs, sof si ou kalifye pou yon eksepsyon.
  - Ekzanp: Ou dwe soumèt Fòm G-1651 epi konfime ke peman elektwonik pa posib e ke ou satisfè youn oswa plis nan kondisyon sa yo:
    - Ou pa gen aksè a sèvis bankè oswa sistèm peman elektwonik;
    - Electronic disbursement would cause you undue hardship, as discussed in 31 C.F.R. Part 208;
    - Tranzaksyon ki pa elektwonik yo nesesè oswa dezirab pou sekirite nasyonal oswa pou rezon aplikasyon lalwa; oswa
    - Gen lòt sitiyasyon jan sekretè finans yo detèmine, jan regleman oswa lòt gid montre.
- USCIS sou entènèt:
  - Lè w ap ranpli sou entènèt, ou fè peman atravè pay.gov. Aplikasyon sou entènèt la ap mennen ou nan pòtal peman an.
- EOIR & BIA:
  - Peman pou Tribinal Imigrasyon an oswa Komisyon Apèl Imigrasyon an dwe fèt atravè Portal Peman EOIR ki jwenn nan epay.eoir.justice.gov. Portal la mande pou kalite dosye a ak nimewo A ki gen rapò ak dosye a.

FRÈ APLIKASYON IMIGRAS

*REMAK: Si sa posib, pale ak yon avoka pou verifye si ou kalifye pou aplikasyon sa yo pou soulajman imigrasyon.

<u>Aplikasyon Azil:</u>

- **NOUVO FRÈ:** $100 - pa ka egzante
- **Frè anyè:** $100 pou chak ane dosye w lan toujou ap trete - pa ka egzante
- **Premye pèmi travay ki baze sou demann azil ki poko deside:** $560
- **Renouvle permi travay:**
  - **Pa lapòs -** $520 plis yon frè siplemantè $280
  - **Sou entènèt -** $470 plis yon lòt frè $280

NOUVO FRÈ IMIGRASYON YO: SA OU DWE KONNEN

Estati Pwoteksyon Tanpor

- **OGMANTASYON FRÈ:** $510 plis yon frè siplemantè $30
- **Re-enskripsyon** - $0 plis yon frè siplemantè $30
- **Premye pèmi travay ki baze sou TPS:**
  - Pa lapòs - $520 plis yon frè siplemantè $560
  - Sou entènèt - $470 plis yon lòt frè $560
- **Renouvle permi travay:**
  - Pa lapòs - $520 plis yon frè siplemantè $280
  - Sou entènèt - $470 plis yon lòt frè $280

Parole (Pèmi pou antre Ozetazini)

- **Frè:**
  - Pa lapòs: $630 pou pifò ka fòm, yon frè siplemantè $1020 kolekte pa CBP
  - Sou entènèt:
- **Eksepsyon:** Pa gen frè pou ijans medikal, lanmò nan fanmi / fineray, don ògàn, oswa lòt sitiyasyon ijans
- **Pèmi travay:** $550
- **Renouvle pèmi travay:** Pri a varye plis yon frè adisyonèl soti nan $280 rive $560.

Estati Jivenil Imigran Espesyal (SIJS)

- **NOUVO FRÈ:** $250 (te gratis lontan)

Viza U ak T (Viktim Krim / Trafik Moun)

- **PA GEN FRÈ**

Fòm I-94 (Dosye Antre / Sòti)

- **NOUVO FRÈ:** $30 (te gratis si w te fè l sou entènèt)

Aplikasyon Espesifik nan Tribinal Imigrasyon

- **Ajisteman Estati (Kat Vèt):** $2,980
- **Anilasyon Depòtasyon:** $710 (pou rezidan pèmanan) oswa $1,640 (pou moun ki pa gen estati pèmanan)
- **Sispansyon Depòtasyon:** $775
- **Dispans pou Iminisyon:** $2,120

Apèl ak Mouvman nan Tribinal Imigrasyon

- **Apèl bay Komisyon Apèl Imigrasyon an:** $1,030 (te $110 oswa ka anile frè a)
  - Pa gen frè pou apèl sou kosyon
- **Mouvman pou relouvri / reekzamine devan Jij Imigrasyon:** $1,065 (te $145 oswa ka anile frè a)
  - Gen kèk eksepsyon pou frè yo
- **Mouvman pou relouvri / reekzamine devan Konsèy Apèl Imigrasyon an**: Varye $900-$1,030 (avan sa te $110 oswa te ka egzante)
  - Gen kèk eksepsyon pou frè yo

FRÈ APLIKAB POU APLIKASYON ENFÒSMAN LWA

Si yo arete ou apre ou rate odyans tribinal la

- **Frè:** $5,130 si yo te bay yon lòd depòtasyon paske ou pa te parèt nan tribinal epi yo arete ou apre. Nan mwa me 2026, ICE te pwopoze ogmante frè sa a pou li vin $18,000.
- **Eksepsyon:** Pa gen frè si tribinal la anile lòd la

Si yo arete ou sou fwontyè a

- **Frè:** $5,000 si yo trape ou ap eseye travèse fwontyè a san pase pa pò ofisyèl
- **Pa klè:** Kijan ou ka mande yon ekzanpsyon frè oswa kisa k ap pase si ou pa ka peye imedyatman

NOUVO FRÈ IMIGRASYON YO: SA OU DWE KONNEN

REMAK ENPÒTAN

Ekzanpsyon Frè

- **Pifò aplikasyon yo**: Pa gen ekzanpsyon frè disponib - sa a enkli espesifikman frè pou azil ak TPS
- **Kèk aplikasyon nan tribinal:** Ekzanpsyon frè ka posib (tcheke ak tribinal la oswa ak avoka ou si ou genyen)
- **Frè enfòsman:** Gen limit oswa pa gen okenn opsyon ekzanpsyon frè

SA OU DWE FÈ

1. **Pale ak yon avoka si ou kapab –** Lwa imigrasyon konplike, epi frè sa yo se nouvo frè.
2. **Pa ret tann –** Soumèt aplikasyon ou le pli vit posib. Frè yo ap ogmante chak ane kòmanse an 2026.
3. **Tcheke orè frè aktyèl yo –** Ajans yo ka mete nouvo règ ki ka chanje kantite frè sa yo.
4. **Prepare w davans –** Mete lajan sou kote pou peye frè sa yo si ou bezwen ranpli aplikasyon.
5. **Chèche konsèy ofisyèl avan ou peye –** Frè sa yo se frè nouvo e gen nouvo règ sou kijan pou peye yo. Rele ajans oswa tribinal ki apwopriye pou w konnen kijan pou w fè peman. Plis enfòmasyon ap vini.

Eksplikasyon sa a baze sou yon konparezon detaye ki fèt pa **National Immigration Project (NIP)**, ki bay resous legal ak sipò pou avoka ak defansè imigrasyon. Li mete aksan sou not EOIR ofisyèl dat 9 Jiyè 2025, Memorandòm Politik EOIR 25-35 ki dekri nouvo frè yo. Pou plis analiz legal ak detay teknik, tanpri gade dokiman orijinal NIP isit la ak mem EOIR la isit la.

Enfòmasyon sa a se pou referans jeneral sèlman; li pa konsèy legal. Règleman ak pwosedi imigrasyon yo ap chanje rapidman. Pou enfòmasyon aktyèl ak gid ofisyèl selon ka ou, konsilte yon avoka imigrasyon oswa kontakte tribinal imigrasyon ki konsène a.

Enfòmasyon aktyèl jiska 17 jen 2026.